

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman ngagunakeun modél pangajaran *picture and picture*, di kelas X Administrasi Perkantoran SMKN1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat taun ajaran 2014/2015, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

1. Kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman, siswa kelas X Administrasi Perkantoran Taun Ajaran 2014/2015 saméméh maké modél *picture and picture* hasilna nyaéta 16% siswa nu geus mampuh, sésana 84% siswa can mampuh nyarita dina pangajaran paguneman;
2. Kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman, siswa kelas X Administrasi Perkantoran Taun Ajaran 2014/2015 sabada maké modél *picture and picture* hasilna nyaéta 81% siswa nu geus mampuh, sésana 19% siswa nu can mampuh nyarita dina pangajaran paguneman;
3. Dumasar kana hasil  $t_{itung} 11,3 > t_{tabel} 2,42$ , katitén yén aya béda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test* kamampuh nyarita siswa dina pangajaran paguneman. Ku kituna dicindekkeun yén modél *picture and picture* bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman siswa kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat taun Ajaran 2014/2015.

#### 5.2 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran atawa rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik. Éta rékoméndasi saperti ieu di handap.

1. Ku sabab hasil panalungtikan modél *picture and picture* bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman, ku kituna disarankeun yén

ieu modél pangajaran *picture and picture* bisa dijadikeun alternatif dina ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa.

2. Guru kudu leuwih kréatif dina nepikeun pangajaran, contona maké modél anu bisa ngirut siswa pikeun aktif dina prosés diajar. Dipiharep guru bisa maké ieu modél dina nepikeun pangajaran paguneman.
3. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna, lakukeun ékspérimén murni sangkan hasil tina éta panalungtikan bisa meunangkeun ambahan panalungtikan nu leuwih lega.